



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CORNING PRAL ENVESTI PLIS PASE 315 MILYON DOLA AK KREYE JISKA 300 DJÒB NAN ETABLISMAN FABRIKASYON VÈ SEMIKONDIKTÈ NAN NORTH COUNTRY

Fabrikan ki baze nan Nouyòk pral grandi etablisman Canton lan epi pwodui vè yo itilize pou fè bon jan kalite pis

Konplete investisman Federal atravè pwogram ankourajman CHIPS la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Corning Incorporated, yon lidè mondyal ki baze nan Nouyòk nan domèn vè ak seramik, ap investi jiska 315 milyon dola epi li prevwa kreye jiska 130 nouvo djòb fabrikasyon ak jiska 175 djòb konstriksyon nan etablisman li a nan Canton, Konte Saint Lawrence. Corning, yon inovatè prensipal nan syans materyèl ak youn nan pi gwo anplwayè endistriyèl nan rejyon an, pral ogmante pwodiksyon Silis ki Fonn nan yon nivo Pite Elve (High Purity Fused Silica, HPFS) ak vè ki gen Ekspansyon ki Trè Fèb (Ultra Low Expansion, ULE) EXTREME li yo, ak elaji yon pwosesis fabrikasyon nouvo teknoloji nan sit la. Materyèl HPFS ak ULE yo se eleman kle pou machin litografi ak fotomask iltravyolèt pwofon (DUV) ak iltravyolèt ekstrèm (EUV), ki enpòtan pou fabrikasyon semi-kondiktè dènye kri, epi ki konplete efò Eta Nouyòk ap fè pou devlope endistri semi-kondiktè a ak chèn apwovizyonman.

"Corning se yon pati enpòtan nan fabrikasyon Eta Nouyòk pandan plis pase 170 ane epi li se lidè nan domèn vè ak seramik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Akòz konpayi inovan tankou Corning, ansanm ak envestisman Nouyòk te fè nan endistri sa a, n ap kontinye dirije nasyon an nan fabrikasyon semi-kondiktè ak R&D k ap grandi. Eta Nouyòk gen talan, enfrastruktik ak inovasyon pou kontinye sou wout sa a epi n ap kontinye bati endistri enpòtan sa a, kreye djòb ak ranfòse kwasans ekonomik."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Corning Incorporated la, Wendell Weeks, te deklare, "Investisman estratejik sa a pral pèmèt kwasans kontinyèl etablisman Canton, N.Y. nou an ak ekspansyon kapasite fabrikasyon pwochen jenerasyon ki nesèse pou pwodui materyèl enpòtan pou zouti litografi ki kreye mikwopis ki pi avanse nan mond lan. Nou fyè pou nou jwe wòl pa nou pou avanse fabrikasyon semi-kondiktè ak kreyasyon travay nan Nouyòk, epi nou rekonesan pou sipò dirab Gouvènè Hochul ak angajman solid li pou investi nan fabrikasyon avanse nan eta a."

Corning pral envesti jiska 315 milyon dola nan enstalasyon, ekipman, ak pèsònèl nan etablisman Canton li a, sa ki pral ede kreye yon apwovizyonman konpozan fabrikasyon semi-kondiktè nasyonal ki fyab ak vital epi ede avanse lidèchip teknoloji ameriken nan chèn apwovizyonman litografi a. Konpayi an planifye pou kreye jiska 130 nouvo djòb fabrikasyon ak jiska 175 djòb konstriksyon, anplis prèske 400 ki deja sou plas. Empire State Development ap sipòte kwasans konpayi an ak jiska 7 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Travay Excelsior (Excelsior Jobs Program) ki baze sou pèfòmans lan.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Eta Nouyòk se lidè nan rezijans semi-kondiktè nan nasyon an, gras ak investisman estratejik Gouvènè Hochul pou devlope ekonomi inovasyon eta a ak filyè talan san parèy. Angajman Corning pou envesti, grandi ak kreye plis djòb gwo teknoloji nan North Country demontre ke estrateji nou an ap travay, pandan n ap kontinye devlope endistri semi-kondiktè ak ekosistèm li yo, ajoute nouvo djòb ak devlope teknoloji dènnye kri."

Sipò Eta Nouyòk konplete pa yon investisman federal 32 milyon dola atravè Pwogram Ankourajman CHIPS Depatman Komès Etazini an. CHIPS for America te akòde plis pase 33 milya dola nan plis pase 36 milya dola nan finansman ankourajman yo pwopoze ke yo atribye jiska dat. Depi kòmansman Administrasyon Biden-Harris la, konpayi semi-kondiktè ak elektwonik te anonse prèske 450 milya dola nan investisman prive, ki te katalize an majorite pati pa investisman piblik.

Angajman Gouvènè Hochul pou devlope endistri semikondiktè Nouyòk la
Gouvènè Hochul te kenbe yon angajman solid pou konstwi yon ekonomi modèn nan Eta Nouyòk lè li devlope endistri semikondiktè dinamik ak inovan. An 2022, Gouvènè a te siyen lejislasyon istorik Green CHIPS pou fè Nouyòk tounen yon sant pou fabrikasyon semikondiktè, sa k ap kreye pandan l ap kreye djòb 21yèm syèk la ak lanse kwasans ekonomik pandan l ap kenbe pwoteksyon anviwònmantral enpòtan. Nan kad bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te asire yon investisman 45 milyon dola pou kreye Biwo Ekspansyon, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè a (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO-SEMI), ki mennen efò nan tout Eta a pou devlope sektè fabrikasyon pis la. An desanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon patenarya piblik-prive 10 milya dola – ki gen ladan 9 milya dola nan investisman prive ki soti nan IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron ak lòt lidè semikondiktè yo – pou pote avni rechèch semikondiktè avanse nan rejyon kapital Nouyòk la nan kreye inik Sant Litografi Iltavyolèt ki Wo an NA aksesib nan endistri a, nan Konplèks NanoTech Albany an, ki dènyèmman te bay 825 milyon dola nan finansman federal epi yo te dezilyen li CHIPS for America EUV Accelerator dapre Lwa sou CHIPS ak Syans lan.

Nouyòk gen yon gwo endistri semikondiktè ki sipòte plis pase 156 konpayi semikondiktè ak chèn apwovizyonman ki anplwaye plis pase 34,000 Nouyòkè. Gras ak efò Gouvènè Hochul, endistri a ap kontinye elaji atravè gwo investisman ki soti nan biznis semikondiktè yo ak konpayi chèn apwovizyonman tankou Micron, GlobalFoundries, AMD, Edwards Vacuum, MenloMicro and TTM Technologies pou elaji prezans yo nan

Nouyòk. An reyallye, nan de dènye ane yo, konpayi pis yo te anonse plis pase 112 milya dola nan investisman kapital planifye nan Nouyòk – plis pase nenpòt lòt Eta – epi youn sou kat pis ki te fèt nan Etazini yo pral pwodwi nan yon distans 563 km ak lòt Eta Nouyòk. Pa gen lòt rejyon nan peyi a ki pral konte pou yon pi gwo pati nan pwodiksyon nasyonal la.

Semikondiktè yo enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal, ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 300,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodikтивite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)